



FLORIDA DEPARTMENT *of*
ECONOMIC OPPORTUNITY

**Gid Aplikasyon pou
Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè -
Rekiperasyon Aprè Katastwòf pou
Ouragan Irma - Enfrastrikti
Sik Konkiransyèl 2**



30 Mas 2020

Florida Department of Economic Opportunity

107 East Madison Street, Tallahassee, Florida 32399

<http://www.floridajobs.org/>

Version 2.2 gen ladan chanjman sa yo:

- *Paj 12 ak 13, te ajoute lang konsènan pandemi COVID-19 ak amannman pou CDBG-DR Sitwayen kondisyon Patisipasyon pa ajoute opsyon ki nan afiche enfòmasyon sou yon pwojè sou entènèt ak kenbe reyinyon piblik vityèl.*

TAB DÈMATYÈ

I.	ENTWODIKSYON	4
II.	RANSÈYMAN DEBAZ.....	5
III.	ENFÒMASYON JENERAL.....	5
IV.	DIREKTIVPWOGRAM CDBG-DR HUD LA AK FINANSMAN PWOJÈ YO	5
V.	KRITÈ LIMIT AK NOTASYON YO	6
	A. Kritè Konfòmite a Limit CDBG-DR HUD la yo.....	6
	B. Kritè Notasyon yo	7
VI.	KONTE AK KÒD POSTAL KI ANNAPRE YO ELIJIB POU ASISTANS CDBG-DR NAN KAD APLIKASYON SA A:.....	9
VII.	APLIKAN ELIJIB YO	10
VIII.	PRIM SIBVANSYON SOU-BENEFISYÈ YO	11
IX.	AKTIVITE ELIJIB YO	11
	Enfrastrikti	11
X.	KONFÒMITE A CDBG-DR	11
	A. Objektif Nasyonal yo	12
	B. Règleman Federal Transvèsal yo	12
	C. Egzijans pou Patisipasyon Sitwayen yo.....	12
	D. Itilizasyon CDBG-DR yo kòm Fon Korespondan	13
	E. Sistèm Anrejistreman ak Verifikasyon Konfòmite yo	13
	F. Pri rezonab ak Efò kont Fwòd, Gaspiyaj, ak Abi.....	13
	G. Gid sou Pri CDBG-DR la	13
XI.	PWOSEDI APLIKASYON YO	14

I. ENTWODIKSYON

Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini an (HUD) te akòde Depatman Opòtinite Ekonomik Florid la (DEO) \$85 819 653 nan finansman pou reparasyon Enfrastrikti atravè Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè-Pwogram Rekiperasyon Aprè Katastwòf la (CDBG-DR) pou yo reponn a bezwen rekiperasyon aprè katastwòf ensatisfè ki gen rapò ak dega Ouragan Irma a yo. Aplikan ki elijib nan konte ak kòd postal ki annapre yo ka aplike pou finansman baze sou kondisyon ak modalite yo ki nan aplikasyon sa a:

Konte ak Kòd Postal Elijib ki te Sibi Dega pandan Tanpèt la yo					
Alachua	Collier *	Hardee	Lee *	Okeechobee	Sarasota
Baker	Columbia	Hendry	Levy	Orange *	Seminole
Bradford	DeSoto	Hernando	Manatee	Osceola *	St. Johns
Brevard *	Dixie	Highlands	Marion	Palm Beach *	St. Lucie *
Broward *	Duval *	Hillsborough *	Martin	Pasco	Sumter
Charlotte	Flagler	Indian River	Miami- Dade *	Pinellas	Suwannee
Citrus	Gilchrist	Lafayette	Monroe *	Polk *	Union
Clay *	Glades	Lake	Nassau	Putnam	Volusia *

*Konte ki pi Afekte ak pi an Detrès yo

Deskripsyon ak Kòd Postal MID yo	
32084	Nan Konte St. Johns, prensipalman onòdwès St. Augustine
32091	Prensipalman nan Konte Bradford, avèk kèk pòsyon alès Konte Clay
32136	Nan Konte Flagler, nan Plaj Flagler ak touprè zòn nòdès Volusia
32145	Nan pwent ki pi osidwès Konte St. Johns, nan Hastings ak alès Konte Putnam
32771	Nan konte Seminole, ant sidwès Volusia ak zòn nò Konte Orange, ki gen ladan Sanford
33440	Li gen ladan apeprè mwatye zòn lès Konte Hendry, pwolonje yon tijan alès Clewiston
33523	Nan pwent ki pi onòdès Konte Pasco, prensipalman onòdès ak onòdwès Vil Dade
33825	Nan Konte Highlands, ki gen ladan Avon Park, epi pwolonje onò ak alwès nan Konte Polk ak Hardee
33870	Touprè 33825 nan Konte Highlands, ki gen ladan Sebring and Lorida
33935	Acheval sou sidwès Konte Glades ak nòdwès Konte Hendry, ki gen ladan LaBelle
34266	Li gen ladan pifò Konte Desoto epi pwolonje alwès antre nan Konte Sarasota

Inite Gouvènman Lokal Jeneral yo (UGLG) ki gen ladan konte ak minisipalite yo ki sitiye nan zòn elijib ki te sibi dega Ouragan Irma a yo ap elijib pou yo aplike pou finansman baze sou kondisyon ak modalite yo ki nan aplikasyon sa a. Aplikan yo dwe bay yon deskripsyon ki gen tout detay dega Ouragan Irma te lakoz yo. Aplikasyon yo dwe gen ladan plan pou redui dega yo alavni epi montre fason pwojè yo pwopoze a pral rann kominote a pi rezistan alavni. Yo pap konsidere pwojè k ap mande fon pou repare dega antretyen ki te dwe fèt avan ke yo te rapòte yo. Yon UGLG ka soumèt sèlman yon aplikasyon pwojè.

DEO ap ankouraje tout aplikan potansyèl yo pou yo li Plan Daksyon CDBG-DR pou Irma ke y ap jwenn sou: <http://www.floridajobs.org/community-planning-and-development/assistance-for-governments-and-organizations/disaster-recovery-initiative>.

Finansman CDBG-DR pou aplikasyon sa a kouvri efò Florid ap fè pou repara enfrastrikti yo apre pasaj Ouragan Irma (Septanm 2017, Deklarasyon Prezidansyèl pou Katastwòf 4337).

II. RANSÈYMAN DEBAZ

Apre yon gwo katastwòf, Kongrè a ka apwopriye fon atravè pwogram CDBG-DR la pou satisfè yon pòsyon nan bezwen ki rete yo potko satisfè apre yo te fin atribiye lòt asistans federal tankou Ajans Jesyon Ijans Federal la (FEMA), Administrasyon Ti Biznis lan (SBA) oswa asirans prive. DEO se ajans prensipal la epi yo se antite ki responsab pou administre fon CDBG-DR yo te atribiye bay eta a.

HUD itilize meyè done ki disponib pou idantifye ak kalkile bezwen ensatisfè ki genyen pou rekiperasyon aprè katastwòf, rekiperasyon alontèm, restorasyon nan enfrastrikti ak lojman ak revitalizasyon ekonomik. Baze sou evalyasyon sa a, HUD te anonse ke Eta Florid la pral resevwa yon atribisyon \$615 922 000 nan fon rekiperasyon aprè katastwòf pou ede nan kad efò rekiperasyon apre pasaj ouragan an. Anplis de sa, jou 10 avril 2018 la, HUD te avize Eta Florid la ke li pral resevwa yon atribisyon adisyonèl \$157,676,000 nan fon rekiperasyon aprè katastwòf pou ede nan kad efò rekiperasyon apre pasaj ouragan an. Anplis de sa, Eta Florid te resevwa \$38 637 745 anplis pou ede satisfè bezwen enfrastrikti ki poko satisfè yo nan dat 27 janvyè 2020.

Pou asire ke fon yo ede zòn ki pi afekte yo jan yo te dekri nan Rejis Federal la, 80 pousan nan finansman yo te akòde eta a pral pou ede konte ak kòd postal HUD idantifye ki te Pi Afekte ak Pi An Detrès yo.

III. ENFÒMASYON JENERAL

Yo te fòmèlman anonse disponiblite finansman an atravè piblikasyon nan Rejis Federal, Volim 83, Nimewo 28, Volim 83, Nimewo 157, Volim 85, Nimewo 17 nan dat 9 Fevriye, 14 Out 2018 ak 27 janvyè 2020 respektivman. W ap jwenn aksè a Rejis Federal la sou entènèt nan:

<http://www.floridajobs.org/community-planning-and-development/assistance-for-governments-and-organizations/disaster-recovery-initiative>.

Egzijans federal yo deklare byen klè ke yo dwe itilize fon yo sèlman pou rekiperasyon aprè katastwòf ak rekiperasyon alontèm nan kominote katastwòf yo presize a te afekte yo. Egzijans yo preskri ke yo dwe atribiye fon yo bay zòn ki gen plis bezwen yo. Tout aktivite elijib CDBG-DR finance yo dwe lye a dega tanpèt la te lakoz yo jan yo preskri nan epi pa avan dat Deklarasyon Prezidansyèl pou Katastwòf 4377 yo te fè pou Irma jou 10 septanm 2017 la (<https://www.fema.gov/disaster/4337>). Tout pwojè yo dwe gen rapò dirèk ak Ouragan Irma. Yo pa ka itilize fon CDBG-DR yo pou ranplase oswa ranbouse nenpòt fon ki disponib, tankou Asistans Endividyèl ak Asistans Piblik FEMA a (IA/PA). Toutfwa, nan sètèn sityasyon, fon CDBG-DR yo ka sèvi kòm yon fon korespondan elijib.

IV. DIREKTIVPWOGAM CDBG-DR HUD LA AK FINANSMAN PWOJÈ YO

An repons a direktiv HUD yo, plan daksyon an bay DEO lòd pou yo finance pwojè ak pwogram ki:

Bay aktivite ki pral nan avantaj fanmi ki gen revni fèb ak modere yo priyorite maksimòm fezab.

Itilizasyon global fon CDBG-DR yo mete disponib nan kad aplikasyon sa a dwe prensipalman nan avantaj fanmi ki gen revni fèb ak modere yo nan yon fason ki asire ke yo depanse omwen 70 pousan nan montan sibvansyon an nan aktivite k ap nan avantaj moun sa yo.

Konsantre sou bezwen lojman ki pa satisfè yo avan.

Rejis Federal Volim 83, Nimewo 28 ki date 9 fevriye 2018 la deklare:

"Benefisyè sibvansyon yo dwe pwopoze yon atribisyon fon CDBG-DR ki prensipalman konsidere ak reponn a bezwen lojman ki pa satisfè yo. Yon benefisyè sibvansyon dwe atribiye fon pou abòde bezwen revitalizasyon ekonomik ak enfrastrikti ki pa satisfè yo, epi nan konsa, benefisyè sibvansyon an dwe idantifye fason yo pral reponn a bezwen lojman ki pa satisfè yo oswa fason aktivite revitalizasyon ekonomik oswa aktivite enfrastrikti yo pral kontribiye nan rekiperasyon ak restorasyon lojman alontèm nan zòn ki te pi afekte ak pi an detrès yo."

Pwojè yo oswa pwogram yo dwe reponn byen klè a yon bezwen ki pa satisfè:

- Lye a Ouragan Irma,
- K ap prensipalman sèvi popilasyon ki gen revni fèb ak modere yo (LMI), epi
- K ap prensipalman sèvi aktivite lojman yo.

V. KRITÈ LIMIT AK NOTASYON YO

DEO pral aplike yon pwosesis ki gen de faz pou yo revize aplikasyon yo.

Premyèman, pwopozisyon yo dwe satisfè Kritè Konfòmite a Limit CDBG-DR HUD la yo an premye lye.

Dezyèmman, DEO pral revize epi bay chak pwopozisyon nòt baze sou **Kritè Notasyon yo**.

Si yon pwopozisyon pa satisfè nenpòt nan Kritè Limit yo, DEO paka avanse nan etap pou ba yo nòt pou yo resevwa konsiderasyon pou finansman an.

Nòt maksimòm pou Kritè Notasyon an se 105 pwen.

A. Kritè Konfòmite a Limit CDBG-DR HUD la yo

Pwojè yo dwe satisfè Objektif Nasyonal CDBG-DR la tankou:

- Nan avantaj moun ki gen revni fèb/modere yo
- Nan avantaj zòn ki gen revni fèb/modere yo
- Reponn a yon bezwen ijan

Pou w jwenn plis enfòmasyon vizite:

<https://www.hudexchange.info/resources/documents/Basically-CDBG-Chapter-21-CDBG-DR.pdf>

Yo dwe konsidere Pwojè Enfrastrikti yo kòm Aktivite ki Elijib pou CDBG-DR.

Konsilte anba la pou w jwenn plis detay sou yon bann seri aktivite ki elijib nan kad kategori yo note anwo a. Pou w jwenn plis enfòmasyon vizite:

<https://www.hudexchange.info/resources/documents/CDBG-Disaster-Recovery-Overview.pdf>.

Pwojè yo oswa pwogram yo dwe reponn byen klè a yon bezwen ki pa satisfè:

- Lye a Ouragan Irma,
- K ap prensipalman sèvi popilasyon ki gen revni fèb ak modere yo (LMI), epi
- K ap prensipalman sèvi aktivite lojman yo.

B. Kritè Notasyon yo

Yon fwa yo detèmine ke yon pwopozisyon satisfè Kritè Konfòmite a Limit CDBG-DR la yo, lè sa DEO pral bay nòt baze sou Kritè Notasyon ki annapre yo. Nòt maksimòm pou Kritè Notasyon yo se 115. Notasyon an pral konsantre sou kategori ki annapre yo:

- Avantaj LMI global (Pousantaj Avantaj LMI aktivite a genyen)
- Preparasyon pwojè a
- Kapasite Jesyon
- Patisipasyon Lokal
- Nati Pwojè a
- Deziyasyon Espesyal
- Enpak Pwojè a

Gen yon tablo nan paj swivan k ap pi byen defini chak kategori epi yo mete atribisyon pwen maksimòm pou chak kategori notasyon yo nan yon lis.

		Kantite Pwen Maksimòm
1.	Avantaj LMI global (Pousantaj Avantaj LMI aktivite a genyen): Yo pral detèmine nòt LMI sou zòn sèvis pwojè a ap sèvi a, pou yo ka kalkile nòt LMI a. Aplikan an dwe bay done LMI pou zòn sèvis pwojè a sou fòm pousantaj. Pa egzanp, si zòn sèvis LMI an se 65% DEO pral miltipliye pa 30 (ki se kantite pwen maksimòm) pou resevwa nòt LMI final la k ap 19,5 pwen.	30
2.	Preparasyon pwojè a: <ul style="list-style-type: none"> • <i>Planifikasyon an fini, epi pwojè a prè pou kòmanse apre yo fin konplete yon revizyon anviwònmantral oswa evalyasyon obligatwa ki konfòm a egzijans HUD yo epi fon yo disponib. – 25 pwen</i> • <i>Yo te soumèt tout aplikasyon pou pèmi ki nesèsè yo bay antite ki nesèsè yo – 15 pwen</i> • <i>Planifikasyon inisyal yo fini epi yo te anboche tout konsiltan yo – 5 pwen</i> 	25
3.	Kapasite Jesyon: Antite lokal la gen kapasite pou yo fini pwojè a epi yo gen kapasite pou yo fè antretyen obligatwa yo.	15
4.	Nati Pwojè a: Pwojè yo pwopoze a ap chache amelyore sistèm dlo lapli, dlo ize, dlo potab oswa dlo egou yo.	10
5.	Deziyasyon Espesyal: Yon aplikan ka resevwa yon nòt 10 pwen omaksimòm si pwojè a: <ul style="list-style-type: none"> • <i>Sitiye nan yon Kominote Riral (konsilte §288.0656, F.S.) – 5 pwen</i> • <i>Sitiye nan yon Zòn Preyokipan ki nan Eta Kritik (konsilte §380.05, F.S.) – 5 pwen</i> 	10
6.	Enpak Pwojè a: Pwojè a dwe gen yon gwo enpak sou kominote a, ki gen ladan men pa sèlman: enpak ekonomik (biznis yo enplike nan konsepsyon, enjeniri ak konstriksyon yo; kreyasyon pòs travay; ekonomi k ap fèt sou pèt ekonomik ki atribiyab a entèripsyon sèvis yo, pa egzanp endistri ki depann de dlo pwòp ak dlo navigab yo), rezistans kominotè, elatriye. Y ap akòde 0 pwen bay pwojè ki gen ti efè piti oswa ki pa gen efè epi yo ka akòde jiska 15 pwen bay pwojè ki gen yon enpak ekonomik oswa enpak kominotè konsiderab.	15
Nòt Total Maksimòm:		105

Anba la w ap jwenn yon modèl egzanplè Fich notasyon an.

A. Kritè Elijiblite Limit yo		
DEO pral aplike Kritè Limit ki annapre yo pou detèmine si yon pwogram oswa yon pwojè elijib pou finansman CDBG-DR la. Si yon pwopozisyon pa satisfè nenpòt nan Kritè Limit ki anba la yo, DEO paka avanse nan etap pou konsidere yo pou finansman an.		
1.	Objektif Nasyonal CDBG-DR la: Pwogram oswa pwojè yo pwopoze yo satisfè Objectif Nasyonal CDBG-DR la	Wi
2.	Aktivite Elijib CDBG-DR la yo: Pwogram oswa pwojè yo pwopoze yo se aktivite ki elijib nan kad plan daksyon an	Wi
3.	Bezwen ki pa Satisfè: Pwogram oswa pwojè yo pwopoze yo ap reponn a bezwen ensatisfè ki lye a katastwòf tanpèt la	Wi
Detèminasyon Limit lan:		Avanse. Satisfè Kritè Konfòmite a Limit yo.
B. Kritè NOTASYON yo		
DEO pral aplike Kritè Notasyon ki annapre yo pou detèmine si yon pwogram oswa yon pwojè apwopriye pou yo resevwa finansman CDBG-DR la.		Maksimòm Kantite Pwen
1.	LMI Global	30
2.	Preparasyon pwojè a	25
3.	Kapasite jesyon	15
4.	Nati pwojè a	10
5.	Deziyasyon Espesyal	10
6.	Enpak pwojè a	15
Nòt Kapasite Total:		105

VI. KONTE AK KÒD POSTAL KI ANNAPRE YO ELIJIB POU ASISTANS CDBG-DR NAN KAD APLIKASYON SA A:

Konte Elijib ki te Sibi Dega pandan Tanpèt la yo					
Alachua	Collier *	Hardee	Lee *	Okeechobee	Sarasota
Baker	Columbia	Hendry	Levy	Orange *	Seminole
Bradford	DeSoto	Hernando	Manatee	Osceola *	St. Johns
Brevard *	Dixie	Highlands	Marion	Palm Beach *	St. Lucie *
Broward *	Duval *	Hillsborough *	Martin	Pasco	Sumter
Charlotte	Flagler	Indian River	Miami- Dade *	Pinellas	Suwannee
Citrus	Gilchrist	Lafayette	Monroe *	Polk *	Union
Clay *	Glades	Lake	Nassau	Putnam	Volusia *

*Konte ki pi Afekte ak pi an Detrès yo

Deskripsyon ak Kòd Postal MID yo	
32084	Nan Konte St. Johns, prensipalman onòdwès St. Augustine
32091	Prensipalman nan Konte Bradford, avèk kèk pòsyon alès Konte Clay
32136	Nan Konte Flagler, nan Plaj Flagler ak touprè zòn nòdès Volusia
32145	Nan pwent ki pi osidwès Konte St. Johns, nan Hastings ak alès Konte Putnam
32771	Nan konte Seminole, ant sidwès Volusia ak zòn nò Konte Orange, ki gen ladan Sanford
33440	Li gen ladan apeprè mwaye zòn lès Konte Hendry, pwolonje yon tijan alès Clewiston
33523	Nan pwent ki pi onòdès Konte Pasco, prensipalman onòdès ak onòdwès Vil Dade
33825	Nan Konte Highlands, ki gen ladan Avon Park, epi pwolonje onò ak alwès nan Konte Polk ak Hardee
33870	Touprè 33825 nan Konte Highlands, ki gen ladan Sebring and Lorida
33935	Acheval sou sidwès Konte Glades ak nòdwès Konte Hendry, ki gen ladan LaBelle
34266	Li gen ladan pifò Konte Desoto epi pwolonje alwès antre nan Konte Sarasota

VII. APLIKAN ELIJIB YO

Inite Gouvènman Lokal Jeneral yo (UGLG) ki gen ladan konte ak minisipalite ki sitiye nan zòn elijib ki te sibi dega Ouragan Irma yo ka aplike pou finansman pou pwojè ak/oswa pwogram ki reponn a bezwen ki pa satisfè ki lye a ouragan Irma a yo. Yon UGLG ka soumèt sèlman yon aplikasyon pwojè.

Pwopozisyon pou finansman yo ka sèlman sèvi konte ak kòd postal ki elijib yo.

DEO ap ankouraje aplikan ki elijib yo pou yo fòme ekip ki ofri kapasite nesèsè pou yo administre pwojè ak pwogram CDBG-DR yo pwopoze yo avèk siksè. Kèk opsyon ekip pou yo konsidere yo se:

- A. Pwofite de kapasite òganizasyon san bi likratif yo ak òganizasyon ki gen bi likratif yo ki pral sèvi kòm kontraktè pou sou-benefisyè a;
- B. Pataje resous yo kote yon gwoup UGLG aplike kòm yon rejon. Pa egzanp: pou atenn plis enpak ak efikasite, yon gwoup UGLG ka aplike kòm yon rejon pou yo jere yon pwojè k ap gen yon enpak rejon. Pou aplikasyon rejon yo, DEO egzije pou yo deziyen yon sèl aplikan prensipal ki pral kontraktèlman sèvi kòm sou-benefisyè a epi k ap responsab pou jesyon sibvansyon an. Sou-

benefisyè k ap aji kòm aplikan prensipal la pa ka bay lòt gouvènman lokal yo fon sou-sibvansyon.

C. Aplikan elijib yo ka soumèt plizyè aplikasyon pwojè pou \$500 000 ominimòm pa pwojè. Si DEO atribiye fon yo, tout patnè UGLG yo dwe siyen yon Akò Entèlokal avan yo siyen akò finansman sou-benefisyè CDBG-DR la.

VIII. PRIM SIBVANSYON SOU-BENEFISYÈ YO

Sik aplikasyon sa a ap ofri \$100 000 000 nan fon CDBG-DR pou yo atribiye bay sou-benefisyè yo.

Gen yon prim minimòm \$500 000.

Tout pwopozisyon yo dwe montre ke yo ap reponn a bezwen ki pa satisfè yo; anpeche avantaj doub; yo nan yon pri rezonab; epi anpeche fwòd, gaspiyaj, ak abi. Tanpri vizite:

<https://www.hudexchange.info/resources/documents/CDBG-DR-Cost-Types-Summary.pdf>

pou Gid HUD bay sou nòm pri rezonab yo.

IX. AKTIVITE ELIJIB YO

Pou UGLG yo ka elijib pou yo konsidere yo pou finansman, yo dwe pwopoze pwogram oswa pwojè ki aliyen ak egzijans ak priyorite CDBG-DR ak DEO yo jan yo dekri nan plan daksyon an ak Rejis Federal la, ki gen ladan men pa sèlman a sila yo dekri anba la yo:

- Pwojè yo dwe demontre yo gen lyen ak Irma.
- Pwojè yo dwe prensipalman sèvi popilasyon LMI yo.
- Pwojè pou enfrastrikti yo dwe sipòte lojman LMI a.
- Pwojè yo pa dwe double avantaj yo.

Enfrastrikti

- Restorasyon enfrastrikti Ouragan Irma te andomaje yo (ki gen ladan enstalasyon dlo ak egou yo, ri yo, pwovizyon dèlko yo, netwayaj debri yo, drenaj, pon yo, elatriye.);
- Yo te idantifye enstalasyon dlo ak egou yo kòm zòn ki gen enpòntans kapital. Pwojè ki gen rapò ak kalite enstalasyon sa yo pral elijib pou yo resevwa dis (10) pwen pandan pwosesis notasyon an.
- Reparasyon etablisman piblik yo tankou refij kominotè ijans yo;
- Demolisyon, reyabilitasyon bilding komèsyal oswa endistriyèl piblik oswa prive yo;
- Revitalizasyon ekonomik ki gen ladan nenpòt aktivite CDBG-DR elijib ki ka demontre ke l restore ak amelyore kèk aspè nan ekonomi lokal la.

Sou-benefisyè yo dwe idantifye fason yo pral reponn a bezwen lojman ki pa satisfè yo oswa fason aktivite enfrastrikti yo pral kontribiye nan rekiperasyon ak restorasyon lojman alontèm nan zòn ki te pi afekte ak pi an detrès yo.

X. KONFÒMITE A CDBG-DR

Tout aplikan UGLG ki gen yon pwopozisyon pou fon CDBG-DR yo te apwouve nan kad aplikasyon sa a dwe egzekite yon akò sou-benefisyè avèk DEO ki pral presize tout kondisyon ak modalite pou

revisit pwogram ak/oswa pwojè a ak jesyon konfòmite yon sibvansyon. Akò sou-benefisyè DEO a pral gen ladan, men pa sèlman, sijè ki annapre yo:

A. Objektif Nasyonal yo

Tout aktivite yo dwe satisfè youn nan objektif nasyonal ki preskri nan Lwa sou Lojman ak Devlopman Kominotè a, kote y ap itilize omwen 70 pousan nan lajan nan pwojè k ap nan avantaj moun LMI yo.

B. Règleman Federal Transvèsal yo

DEO egzije pou pwojè oswa pwogram yo chwazi pou resevwa finansman CDBG-DR la satisfè règleman federal transvèsal HUD yo, tankou revizyon anviwònmanal NEPA a, avantaj doub yo, lojman ekitab, anplwa Seksyon 3, salè Davis Bacon yo ak lòt ankò ke yo pral presize nan akò finansman sou-benefisyè a. Pou w jwenn plis enfòmasyon, tanpri vizite:

<https://www.hudexchange.info/resources/documents/CDBG-DR-Cross-Cutting-Training-Resources.pdf>

C. Egzijans pou Patisipasyon Sitwayen yo

Tout aplikan yo dwe soumèt prè nan yon reyinyon piblikman remake oswa peryòd kòmantè piblik diskite sou pwojè yo pwopoze a ak aplikasyon pou Rebati Florida Pwogram Reparasyon Enfrastrikti. Konte ki kalifye pou resevwa lajan dwe konsidere bezwen tout minisipalite (ak tribi ki rekonèt nan gouvènman federal la) nan zòn ki enkòpore ak ki pa enkòpore nan konte a (ak rezèvasyon ki toupre nan konte a).

Akòz enpak COVID-19, DEO ap modifiye egzijans reyinyon piblik pou repare pwogram enfrastrikti nan Florid, apre li resevwa konsèy nan Sant pou Kontwòl Maladi (CDC) ak nan Depatman Lojman ak Devlopman Iben Ameriken (HUD).

Inite Jeneral Gouvènman Lokal yo (UGLG) ka toujou resevwa opinyon piblik sou aplikasyon Enfrastrikti yo lè yo respekte nouvo fòm reyinyon sa yo:

1. **Afiche enfòmasyon sou pwojè a sou entènèt:** Yon UGLG ka poste enfòmasyon sou pwojè a ak pwogram nan sou sit entènèt piblik li yo ak pèmèt pou 14-jou peryòd kòmantè piblik. Tanpri soumèt yon kopi pòs la ak nenpòt kòmantè piblik nan DEO kòm yon pati nan aplikasyon an.
2. **Reyinyon piblik Virtual:** UGLGs ta bezwen bay menm dokiman ki ta nòmalman oblije demontre si yo te fè yon reyinyon, tankou minit ak yon avi pou reyinyon piblik.

Prè nan reyinyon piblik ak vil ak gouvènman tribi dwe satisfè sa ki annapre yo kondisyon:

- Yo dwe bay avi pou reyinyon piblik la omwen senk (5) jou anvan reyinyon an.
- Dokimantasyon nan reyinyon an dwe gen ladan fèy papye-siy ak minit.

Anvan yo soumèt yon aplikasyon pou CDBG-DR finansman, aplikan yo oblije afiche yon avi piblik nan yon jounal sikilasyon jeneral ak sou sit entènèt yo ki deklare kalite yo pwojè yo dwe antreprann, sous ak kantite lajan ki disponib pou aktivite yo, dat ki fè kòmantè yo dwe fèt ak yon moun pou kontakte pou yon kopi pwopoze a aplikasyon. Aplikan yo dwe bay pou yon peryòd kòmantè 10-jou, ki dwe pibliye anvan yo soumèt aplikasyon an.

Prè nan avi piblik la dwe satisfè kondisyon sa yo:

- Dokimantasyon sou piblisite nan jounal.
- Ekri an lèt detache nan paj wèb konte ki montre avi piblik la.
- Dokimantasyon ki te satisfè bezwen sitwayen ki pa pale angle yo kote a siyifikatif kantite sitwayen ki pa pale angle ka rezonab espere patisipe. Nan ka sa a, dokimantasyon yo ap bezwen tradui an panyòl ak Kreyòl.

D. Itilizasyon CDBG-DR yo kòm Fon Korespondan

Anplis de sa, yo ka itilize fon yo pou yo satisfè egzijans yon fon korespondan, pòsyon, oswa kontribisyon pou nenpòt lòt pwogram federal lè yo itilize l pou reyalize yon aktivite CDBG-DR ki elijib. Sa gen ladan pwogram oswa aktivite Ajans Jesyon Ijans Federal la (FEMA) oswa Kò Enjenyèr Lame Amerikèn lan (USACE) jere yo. Daprè lalwa, kantite fon CDBG-DR yo ka kontribiye nan yon pwojè USACE se \$250 000 oswa mwens. Sonje ke Lwa sou Apwopriasyon yo entèdi sibstitisyon itilizasyon fon CDBG-DR yo pou nenpòt aktivite FEMA oswa USACE ka ranbouse, oswa aktivite ki gen fon yo mete disponib pou yo.

E. Sistèm Anrejistremant ak Verifikasyon Konfòmite yo

DEO pral ofri yon Sistèm Anrejistremant pou pwogram CDBG-DR la ki pral sèvi kòm yon repètwa pou tout dokimantasyon sou konfòmite pwogram ak pwojè yo pou satisfè egzijans siveyans ak verifikasyon yo. Anplis de sa, Sistèm Anrejistremant an pral pèmèt DEO revize dosye dokiman yo epi verifye si gen Avantaj Doub, fè Verifikasyon Avantaj ak verifikasyon ki anrapò yo ki obligatwa pou asire yo konfòm ak règleman CDBG-DR yo.

Yo egzije sou-benefisyè ki resevwa prim yo pou yo rasanble ak revize tout dokimantasyon konfòmite yo epi telechaje yo nan Sistèm Anrejistremant an nan yon fason byen òdone. DEO pral ofri sou-benefisyè yo fòmasyon sou kijan pou yo jere pwogram ak pwojè CDBG-DR yo avèk nouvo sistèm anrejistremant an.

F. Pri rezonab ak Efò kont Fwòd, Gaspiyaj, ak Abi

DEO ap chache ekilibre egzijans HUD genyen pou tout pwojè yo satisfè nòm pri rezonab la epi evite gaspiyaj, fwòd ak abi kote yo ap ofri ase finansman pou reponn a bezwen rekiperasyon aprè katastwòf ak rezistans ki pa satisfè yo. Kidonk, aplikan yo dwe ofri evidans lè y ap soumèt aplikasyon yo pou montre fason pwogram ak pwopozisyon yo pral satisfè nòm pri rezonab ak efò kont fwòd, gaspiyaj, ak abi yo.

G. Gid sou Pri CDBG-DR la

Aplikan yo, nan kad pwopozisyon bidjè yo a, dwe mete tout depans ki gen rapò ak konstriksyon ak antretyen ki kontinye nesèsè, pou pwojè enfrastrikti a.

- DEO pral aplike nòm ki annapre yo nan kad analiz epi y ap kontinye fè revizyon konfòmite pou depans admisib yo. Tanpri vizite: <https://www.hudexchange.info/resources/documents/CDBG-DR-Cost-Types-Summary.pdf> pou Gid HUD la.

Depans Livrezon Aktivite yo dwe lye ak tan ke anplase ak kontraktè yo te dedye a yon pwojè espesifik. Aplikan yo dwe montre fason Pri Livrezon Aktivite yo pwopoze a se oswa pral yon pri rezonab atravè akizisyon sèvis pwofesyonèl ak/oswa pri anplwaye entèn yo pou ofri sèvis ki anrapò ak pwogram lan oswa pwojè a.

Yo dwe konte tout Pri Livrezon Aktivite yo nan pri total pwojè a nan demann finansman CDBG-DR yo fè a.

H. Egzansyon yo

Selon bezwen chak ka, DEO pral konsidere pwopozisyon ki ka mande pou HUD ba yo yon egzansyon reglemantè CDBG-DR. Tanpri sonje ke egzansyon pou aplikasyon yo pran tan pou yo revize yo epi l ap afekte nòt yo dapre kritè "Prè pou Avanse". DEO ap ankouraje aplikan potansyèl yo pou yo diskite ide pwopozisyon sa yo avèk manm direksyon DEO yo avan yo soumèt pwopozisyon yo pou yo ka pi byen konprann dinamik bezwen ak opòtinite pou yo abòde yon bezwen ki gen rapò ak tanpèt la ki pa satisfè.

XI. PWOSEDI APLIKASYON YO

A. *NOTE BYEN:* Peryòd pou soumèt aplikasyon an pral ofisyèlman ouvri dat 30 mas 2020 epi l ap fèmen 30 jen 2020. DEO pral aksepte kesyon sou pwogram Enfrastrikti a pandan tout dire pwosesis aplikasyon an epi y ap poste repons yo atan tou paj Enfrastrikti sitwèb Rekonstwi Florid la. Tanpri voye nenpòt kesyon sou aplikasyon an pa imel nan CDBG-DRInfrastructureApp@deo.myflorida.com.

W ap jwenn Fòmilè aplikasyon yo ansanm ak aplikasyon sa a epi pami fòmilè ki poste sou sitwèb DEO a gen ladan:

- **Fòmilè Enfòmasyon sou Aplikan an** pou yo ranpli nan yon fichye an fòm .pdf ranplisab;
- **Fòmilè Enfòmasyon sou Pwopozisyon an** ke aplikan yo dwe ranpli nan yon fichye an fòm .pdf ranplisab;

B. Aplikasyon an gen sèt (7) pati ke aplikan yo dwe ranpli pou yo konsidere l kòm yon soumisyon konplè:

Lèt Prezantasyon an ki presize:

- a. Non ak kowòdone pou kontakte aplikan ak non nenpòt patnè UGLG,
- b. Rezime brèf pwojè yo pwopoze a ak kapasite pou yo reyisi, epi
- c. Fonksyonè egzekitif la oswa deziyen otorize a dwe siyen kòm moun ki gen otorite pou l siyen an.

Fòmilè Enfòmasyon sou Aplikan an kote aplikan yo bay enfòmasyon òganizasyonèl debaz yo.

Fòmilè Enfòmasyon sou Pwopozisyon an kote aplikan yo bay enfòmasyon sou pwojè ke DEO pral bay nòt la.

Bidjè pou tout depans ki asosye ak pwojè enfrastrikti yo pwopoze a.

Kat Jewografik Zòn Sèvis la ki gen ladan yon sipèpozisyon:

- Lokalite a ak/oswa zòn sèvis la
- Zòn sèvis ki gen revni fèb ak modere
- Kat jewografik Plèn Inondab ki pi resan an

Plan Travay pou pwojè enfrastrikti yo pwopoze a ki montre evidans ke yo prè pou yo avanse.

Yo ankouraje mete yon **Tablo Òganizasyon** ak **Orè Wòl Ekip** yo tankou wòl ak responsablite Anplwaye, Kontraktè, Vandè, ak Patnè Kominotè yo, men li pa obligatwa.

Tanpri soumèt yon aplikasyon pa pwojè.

C. Sovgade tout dokiman ou soumèt pa mwayen elektwonik yo nan fòm ".pdf":

1. Sovgade Lèt Prezantasyon an kòm: "1 Non Aplikasyon An-Lèt Prezantasyon.pdf"
2. Sovgade Fòmilè Enfòmasyon sou Aplikasyon an kòm: "2 Non Aplikasyon An-Fòmilè Aplikasyon.pdf"
3. Sovgade Fòmilè Enfòmasyon sou Pwopozisyon an kòm: "3 Non Aplikasyon An-Fòmilè Pwopozisyon Enfrastrikti.pdf"
4. Sovgade Bidjè a kòm: "4 Non Aplikasyon An-Bidjè.pdf"
5. Sovgade Kat Jewografik Zòn Sèvis la kòm: "5 Non Aplikasyon An-Kat Jewografik Zòn Sèvis.pdf"
6. Sovgade Plan Travay la kòm: "6 Non Aplikasyon An-Plan Travay.pdf"
7. Sovgade Tablo Òganizasyon ak Orè Wòl Ekip yo kòm: "7 Non Aplikasyon An- Tablo Òg ak Wòl Ekip.pdf"

- D. DEO pral bay chak pwogram oswa pwojè yo pwopoze yon nòt apa baze sou enfòmasyon yo bay nan Fòmilè Enfòmasyon sou Pwopozisyon an, bidjè a ak dokiman sipò yo. DEO rezève dwa pou yo pa finanse okenn pwojè, yon pati nan yon pwojè yo chwazi, oswa tout pwojè yon aplikasyon pwopoze.
- E. DEO pral fè vizit sit yo epi yo rezève opòtinite pou yo fè entèvyou ak aplikasyon yo epi mande yo enfòmasyon swivi pou yo eklèsi done yo.
- F. Soumèt yon (1) kopi orijinal aplikasyon ki ranpli a an papye jan yo preskri anwo a avèk siyati orijinal fonksyonè egzekitif la oswa siyati deziyen otorize a bay:

Florida Department of Economic Opportunity
Office of Disaster Recovery

Atansyon: Gina Herron
Caldwell Building
107 East Madison Street, MSC-400
Tallahassee, FL 32399

- G. Soumèt yon (1) kopi elektwonik aplikasyon ki ranpli a nan fòm PDF, avèk siyati fonksyonè egzekitif UGLG a oswa siyati deziyen otorize a jan yo dekri anwo a bay: CDBG-DRInfrastructureApp@deo.myflorida.com.
- H. DEO pral poste yon konferans an liy sou Apèsi Aplikasyon CDBG-DR la nan dat 30 avril 2020. Tanpri vizite pajwèb Ouragan Irma a ki sitiye anba onglè Rekiperasyon Apre Katastwòf la sou www.floridajobs.com.

NOTE BYEN: Yo vrèman rekòmande pou omwen yon (1) reprezantan gouvènman lokal patisipe nan Konferans An Liy sou Apèsi Aplikasyon an.

I. Pou kesyon ki an rapò ak aplikasyon an yo, tanpri kontakte:

Gina Herron
Florida Department of Economic Opportunity
Office of Disaster Recovery
Office: 850-717-8464
Imèl: gina.herron@deo.myflorida.com

Mèsi paske w enterese patisipe nan efò Rekiperasyon Aprè Ouragan Irma a yo avèk DEO.